



# Diocese of Palm Beach

9995 North Military Trail • P.O. Box 109650  
Palm Beach Gardens, Florida 33410-9650

Office of  
THE BISHOP

(561) 775-9595 Fax (561) 775-7035

1e oktòb 2023

Chè Sè ak Frè nan Gramèt la:

Dimanch 1e oktòb la se Dimanch Respè pou Lavi ki inisyé mwa Oktòb kòm Mwa Respè pou Lavi ansanm ak Pwogram Anyèl Respè pou Lavi ki rele ane sa a, Solidarite Radikal. Menmsi nou trè rekonesan pou desizyon Lakou Siprèm lan te pran ane passe a nan ranvèse avòtman legalize kòm yon manda nasyonal, depi lè sa a nou te fè eksperyans anpil divizyon konsènan pwoblèm ki fè fas ak dwa debaz la nan lavi sou sèn politik la nan nasyon nou an.

Konsantre nan deba avòtman an kounye a tounen vin jwenn eta yo ak lwa yo ki gen rapò ak entèdiksyon legal oswa pèmisyon pou avòtman. Gen yon erè fondamantal nan mezi dwa a lavi pa yon pwoblèm ni federal ni Eta, se yon dwa fondamantal Bondye bay. Nasyon nou an te vin egziste sou fondasyon ke "dwa a lavi, libète ak pouswit bonè" se yon bagay Bondye bay pou tout moun. Yon fwa yo kesyone dwa a lavi yon timoun ki poko fèt, dwa a lavi tout moun an kesyon. Nou te wè ki jan sa a te vin tèlman repandi nan kilti nou jodi a.

Solidarite Radikal rele nou pou nou ini nan respè pou kado lavi a nan tout etap depi nan moman konsepsyon jiska lanmò natirèl. Solidarite Radikal raple nou ke nou se yon sèl fanmi imen, e nou bezwen mete tèt nou ansanm youn ak lòt nan fè pwomosyon dwa a lavi kòm fondamantal a moun nou ye a.

Solidarite Radikal rele nou pou nou bay manman yo asistans avèk lanmou ki twouve yo nan yon sitiayson difisil atravè yon gwosès inatandi epi tou ak apre nesans pitit yo. Nou jwenn benediksyon nan Dyosèz Palm Beach ak misyon Charite Katolik nou yo ki ekselan nan sans sa a.

Mwen rekonesan anpil anvè gason ak fanm fidèl nan dyosèz nou an ki demontre kisa Solidarite Radikal la genyen anrapò ak dwa a lavi. Nou mete tèt nou ansanm nan yon temwayaj ki chita sou renmen, lapriyè ak sipò pou timoun ki poko fèt yo ak nan lavi tout moun nan kominate nou an. Nou fè yon gwo diferans nan ogmante konsyans nan kilti nou an ak nan defye sistèm legal nou an espesyalman pa egzanp nou. Se pou Granmèt la kontinye beni nou ak tout sa nap fè. Nou tout mete tèt ansanm nan Dimanch Respè pou Lavi sa a nan Solidarite Radikal pou nou apresye dwa a lavi ke Bondye ban nou.

Ak tout volonte lapriyè m, se mwen menm,

Sensèman nan Kris la,

Monsenyè Gerald M. Barbarito  
Evèk Palm Beach